

# Zanmi

Manno Charlemagne, 1979

*La* *Mi*  
Si chat konnen, si rat konnen  
*La La7*  
Andwi ap seché lan solèy  
*Re* *Mi*  
Ak kondisyon bòpè koulèv  
*La La7*  
Te kache jiskaske l fè zèl  
*Re* *Mi*  
Tankou w ti bebe lan bèso  
*La*  
Takab chante kokiyoko  
*Mi*  
Siveyan va tounen le do  
*La*  
Bet k ap rampe pa al fè zewo

Lamitye lwen, lamitye pre  
Grandèt toujou ap diskite  
Ak pasyans yon lè fok ou byen  
Il sifi ke w pa bay legen  
Seremoni fèk kòmanse  
Youn, de, twa, kat, ki rèstera  
Eske se ou, èske se mwen  
Kan menm fòk la dènyè vèra

Baboukèt kòm ansyen modèl  
Vivi dan griyen pou mamzèl  
Ki sa la k pou fè kè w sote  
Se toujou a rekòmanse  
O kontrè na va motive  
Pou n wè se ranse n t ap ranse  
Tounen sanpwèl san komokyèl  
Fè bèl devire lan riyèl

*Refrain :*

*La Re La*  
Zanmi pres m pral kay zanmi lwen  
*La Re La*  
Zanmi pres m pral kay zanmi lwen  
*Mi Mi7*  
Yo di zanmi lwen se lajan sere  
*Mi Mi7*  
Men zanmi pre se kouto debò  
*La*  
M pral wè si se vre

Zanmi pres m pral kay zanmi lwen  
Zanmi pres m pral kay zanmi lwen  
Yo di zanmi lwen se lajan sere  
Men zanmi pre se kouto debò  
Fè wè se pa vre

Chita kozman lan kondisyon  
Pou n pa ba l sans yon mo kouran  
Devlopman lan konvèsasyon  
Gen w plas tou ta fè siyifyan  
La force de phrase de l'homme parlant  
C'est de dire ou bien nous voulons  
Que le développement serve de guide  
Aux gens de mauvaises intentions

Chita kondisyon l, l an prezan  
Se vrè devwa yon pèp konsyan  
Il faudrait ke l ankouraj  
Nèg ki komprann ki vle lite  
Malgre tout se yo k ap boule  
Je wont je se yo ki lespwa  
Zanmi lwen la pou resevwa  
Tout moun lakay ap bay traka

Anfen, anfen son w destriksyon  
Nou chita sou malediksyon  
Se pa chita ap kritike  
Piske se kraze n ap kraze  
Youn, de, twa, kat ap repase  
Baboukèt la va pi sere  
Sou tèt dlo sous ava koule  
Ti gout yon lè nava mande